


Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Lahirna Garéja



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen


Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.


Nalika Yesus pupus, murid-murid-Na anu kasiyeunan nyarumputkeun maneh. Sanggeus Yesus gugah tina pupusna, Anjeunna nembongkeun Diri-Na ka murid-murid-Na. Yesus éta hirup! Tapi - Yesus rencanana ninggalkeun aranjeunna, balik deui ka Surga ka tempat Anjeunna geus salawasna cicing sareng Allah, Rama-Na.



Samemeh Anjeunna angkat, Yesus jangji ka murid-murid-Na bakal ngutus Roh Allah pikeun jadi Panglipur jeung Pitulung. (Yohanes 15:26). Waktosna tos caket! Sababaraha poé sanggeus Yesus indit, Allah Roh Suci sumping.


3

Kitu kajadianna teh. Aya kana 120 pengikut Yésus keur ngadoa babarengan di hiji imah. Ujug-ujug, imah dipinuhan ku sora angin ngahiliwir.




4

Seuneu-seuneu anu dicacag-cacag nempel ka unggal jalma. Maranéhana kabéh kaeusian Roh Suci - sakumaha Yesus tos jangji!




5

Di jalan-jalan, murid-murid Yesus nyarios nganngo basa-basa anu tacan kungsi diajar. Urang asing anu nganjang ka Yérusalém ngadéngé murid-murid ngobrol ngeunaan karya-karya Allah anu éndah dina sababaraha basa. Jalma-jalma teh hareran. "Naon hartosna ieu?" maranehna nanya. "Aranjeunna sugan mabok ku anggur anyar," anu sanésna nyedek.




6

Tapi Petrus nyarios, "Ieu mah lain mabok ... ieu anu diomongkeun ku nabi Yoel ..." Petrus lajeng ngingetkeun maranéhna yén sababaraha taun saméméhna, Allah geus jangji Roh Suci bakal datang kanggo ngaberkahan jeung nulungan jalma.



7

Petrus nyarioskeun ka jalma-jalma yén aranjeunna kedah nyingkir tina dosa sareng dibaptis dina lebet namina Yesus Kristus. "... jeung anjeun bakal nampa kurnia Roh Suci," ceuk Petrus. Aya 3000 urang anu nurut. Maranéhna ngagabung jeung murid-murid nyembah Yésus. Dina waktu kaliwat, beuki loba deui jalma anu ditambahkeun kana garéja Allah dimimitian dinten Roh Suci sumping.



8

Roh Suci mawa kakawasaan-Na kana kahirupan umat Allah. Dina hiji poe, Petrus jeung Yohanes naek ka Bait Allah babarengan dina waktu sembahyang. Aya saurang pengemis lumpuh keur diuk di luar gapura candi. Manéhna ménta duit ka Petrus jeung Yohanes.



9

Saur Petrus, "Emas sareng perak abdi teu gaduh, tapi naon anu abdi gaduh abdi pasihkeun ka anjeun: Dina lebet namina Yesus Kristus urang Nasaret, geura gugah tur leumpang." Lajeng manéhna nyepangan ku leungeun katuhu tuluy diangkat. Lajeng manéhna, luncat, nangtung jeung leumpang jeung asup ka Bait Allah bareng jeung maranehna - leumpang, luncat, jeung muji ka Allah.




10

Ngadadak jalma-jalma ngariung, kagét ku mujijat. Pétrus ngabéjaan yén éta téh kakawasaan Allah, lain milikna, anu nyageurkeun éta jalma lumpuh. Nalika Pétrus ngingetkeun urang Yahudi ieu yén Allah ngahudangkeun Yésus ti nu maraot, para pamingpin Bait Allah ambek-ambekan nangkep Petrus jeung Yohanes tuluy dipanjara. Tapi, kira-kira aya 5000 lalaki anu percaya ka Yesus.




11

Poe isukna, Petrus jeung Yohanes ngadeg di hareupeun para pangawasa Bait Allah. "Ku kakuatan naon atawa ku ngaran naon anjeun geus ngalakukeun ieu?" para pangawasa nanya.



12

Dipinuhan ku Roh Suci, Pétrus ngajawab kalawan wani. "... ku nami Yesus Kristus urang Nasaret, anu ku anjeun disalib, anu digugahkeun ku Allah tina anu maraot, ku Anjeunna, jalma ieu nangtung di payuneun anjeun sadayana."



13

Petrus neraskeun kalimahna bari teu aya kasiéun, "...teu aya deui ngaran di handapeun langit anu dipaparinkeun ka manusa anu bakal nyalamatkeun urang sadaya." Teu hayang jalma-jalma percaya ka Yésus, para pangawasa ngancem pisan ka Petrus jeung Yohanes. "Ti ayeuna anjeun kedah nyarios ka saha waé dina lebet namina Yesus."




14




Petrus kungsi sieun ngabela Yesus. Tapi éta saméméh Roh Suci sumping. Ayeuna mah teu aya anu tiasa nyingsieunan anjeunna.

15




Petrus jeung Yohanes ngawaler, "Naha leres dina paningalian Allah ngadangukeun aranjeun langkung ti batan Allah. Sabab simkuring mah teu tiasa teu ngucapkeun naon-naon anu katingali sareng kakuping."

16



Sangeus diancam deui, pangawasa ngabébaskeun Petrus jeung Yohanes. Badega-badega Allah anu waranian nyaritakeun ka batur-baturna perkara ngeunaan panjara jeung cobaan.

17



Salajengna maranéhanana ngayakeun kempelan doa jeung pupujian anu agung. Sakali deui, Roh Suci Allah maparin kakiatan ka sakumna umat-Na - sarta garéja nu saumuran orok tuluy tumuwuh sarta mekar.

18

Lahirna Garéja


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kening ti

Kisah Rasul 1-4

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

19



55



60 20

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngeningkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16